दिन—गुरूवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक—3.04.2025

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————

वक्फ संशोधन विधेयक दू हजार पचीस के आइ राज्यसभा मे विचार आओर पारित करबाक लेल पेश कयल गेल। विधेयक पेश करैत अल्पसंख्यक कार्य मंत्री किरेन रिजिजू जनौलनि जे ई विधेयक के  हितधारकक संग—संग संयुक्त संसदीय समितिक संग विस्तृत परार्मशक बाद लाओल गेल अछि। ओ विपक्षी दल सभ सँ ई विधेयकक समर्थन करबाक आग्रह कयलनि। ओ विपक्षक आरोप के खारिज करैत जनौलनि जे वक्फक लाभ मात्र मुस्लिम के भेट सकैत अछि। ओ जनौलनि जे कोनो गैर मुस्लिम वक्फ संपत्तिक प्रबंधन मे हस्ताक्षेप नहि कऽ सकैत अछि। ओ ई गप पर जोर देलनि जे विधेयकक उद्देश्य वक्फ संपत्तिक बढ़िया सँ प्रबंधन करब अछि, नहि कि मुस्लमानक धार्मिक व्यवहार मे हस्तक्षेप करब। केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे वक्फ बोर्ड मे मुस्लिमक सभ संप्रदाय आओर महिला सभक भागीदारी होयत जाहि सँ एहि के समावेशी बनाओल जा सकय।

————————————————

चर्चा मे भाग लैत कांग्रेस सांसद डॉक्टर सैयद नासिर हुसैन जनौलनि जे ई विधेयक संविधान आओर धर्मनिरपेक्षताक भावनाक खिलाफ अछि। ओ जनौलनि जे सरकारक नजरि वक्फ बोर्डक संपत्ति पर अछि। सदन मे अखन चर्चा जारी अछि। लोकसभा काल्हि राति वक्फ संसोधन विधेयक दू हजार पचीस पारित कऽ देलक अछि।

————————————————

एम्हर, केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान जनौलनि अछि जे वक्फ संशोधन विधेयक द्वारा संस्था के पारदर्शि आ मजगूत बनेबाक प्रयास कयल गेल अछि। ओ संसद भवन मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे मोदी सरकार जखन किछु निक लऽकऽ अबैत अछि तऽ विपक्ष लेल काला दिवस होयत अछि।

राज्यसभा मे चर्चा मे भाग लैत राजदक मनोज कुमार झा जनौलनि जे विधेयक मे विपक्षक सुझाव के कोनो स्थान नहि भेटल अछि। ओ जनौलनि जे विधेयक सँ वक्फ बोर्डक संचालन मे पारदर्शिता अयबाक गप कहब बैमानी अछि।

जदयू सँ राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा विपक्षी दल पर मुस्लिम समुदाय के भरमेबाक संग वोट बैंकक राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। आइ संसद भवन मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे बिल पर चर्चाक बाद जे भ्रम छल ओ स्पष्ट भऽ गेल अछि।

प्रदेशक राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां जनौलनि अछि जे बेसी पहिने सँ वक्फ बोर्ड मे सुधार कयल जायबाक चाही छल। ओ उत्तर प्रदेशक अलीगढ़ मे संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे मुस्लिम महिला संरक्षण अधिनियम मे ओहेन महिला सभ के वक्फ बोर्ड दिस सँ मददि करबाक छल जिनका किओ देखयबला नहि छनि। एकर बादो बोर्ड ऐहेन महिला सभ के आर्थिक मददि नहि कयलक।

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे हुनक पार्टी लोकसभा आओर राज्यसभा मे वक्फ संशोधन विधेयकक विरोध कयलनि अछि। नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे ई विधेयकक समर्थन करयबला कतेको राजनीतिक दलक असली चेहरा सोझा आबि गेल अछि।

प्रदेश भाजपा अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि जे वक्फ बोर्ड मे कुप्रबंधनक कारण सरकार वक्फ संशोधन विधेयक लऽकऽ आयल अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे ई बिल के लागू भऽ गेलाक बाद वक्फ संपत्तिक प्रबंधन मे पूरा पारदर्शिता आओत। एम्हर प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश कुमार जनौलनि जे वक्फ संशोधन विधेयक लोकसभा मे पारित होयब निरंकुशताक प्रमाण अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे ई बिल मुस्लिम लेल दुर्भावनापूर्ण अछि।

———————————————

राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक दिल्ली एम्स मे इलाज चलि रहल छनि। काल्हि मोन खराब भेलाक बाद हुनका पटना सँ दिल्ली लऽ जाओल गेल। लालू प्रसाद के अखन क्रिटिकल केयर यूनिट मे राखल गेल अछि। डॉक्टरक एक विशेष टीम हुनक इलाज कऽ रहल छथि।

————————————————————

लोक आस्थाक महापर्व चैती छठिक तेसर दिन आइ श्रद्धालु सभ अस्ताचलगामी भगवान भास्कर के अर्घ्य अर्पित कयलनि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे दूपहर बाद लोक सभ कतेको छठि घाट पर जाय लगलाह। गंगा, गंडक, कोसी, बागमती, सरयू, महानंदा सहित आनो–आन नदी कात छठि घाट पर श्रद्धालु सभ अर्घ्य अर्पित कयलाह। पटना मे एकतालीस गंगा घाट पर श्रद्धालु सभ अर्घ्य अर्पित कयलनि। संगहि, सात पोखरि पर सेहो छठि घाट के लऽकऽ व्यवस्था कयल गेल अछि। लोक सभ अपन घर मे सेहो अस्थायी पोखरि बना कऽ छठि पूजा कऽ रहल छथि। काल्हि भोर उगैत सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयलाक संग ई महाअनुष्ठान संपन्न भऽ जायत। एम्हर छठि के लऽकऽ प्रदेश भरि मे सुरक्षाक कडगर व्यवस्था कयल गेल अछि। नदी घाट सभ पर एन.डी.आर. एफ आओर एस.डी.आर.एफक टीमक तैनाती कयल गेल अछि। पटना शहरक यातायात व्यवस्था मे बदलि कयल गेल अछि।

————————————————————

समाप्त